


# Kòman pou w Pran Echantiyon Larim Nen w ak Aplikatè a

Mèsi dèske ou pran yon tès dyagnostik COVID-19 jodi a! Tanpri suiv etap ki anba la a pou w pran echantiyon larim nen w ak aplikatè a. Si w ta gen nenpòt kesyon oswa ou bezwen èd, nou la pou nou ede w.


## 1 Louvri Aplikatè pou Nen an

Retire aplikatè pou nen an nan anbalaj la, rale de bout pati anba yo chak yon bò (menm jan ou t ap ouvri yon pansman). Fè atansyon pou w sèlman manyen bout anba a kote pou kenbe a, pa manyen kote w ap met nan nen w lan.




## 2 Pase l Anndan Nen w

Mete pati dous aplikatè a twou dousman nan yon twou nen, jiskaske w santi w pa ka pouse l plis. Fwote aplikatè a pandan 4 fwa. Retire aplikatè a twou dousman. Refè etap sa yo nan lòt twou nen an ak menm aplikatè a.



## 3 Mete Aplikatè a nan Tib la

Mete aplikatè a nan tib nou ba ou an, se bout ki te nan nen w lan pou w met anvan. Lè bout la rive nan bouda a, koubi bwa aplikatè a pou w kase l. Remèt tib la bay youn nan estaf nou yo k ap esplike w pwochen etap yo.



Nou ap voye echantiyon w lan pou teste nan laboratwa. Lè rezilta ou a pare, w ap resevwa yo nan MyChart.